

## CARANIPUN NGRACUT HAWA NAPSU

Nglampahi gesang ing satengahing bebrayan agung punika panceñ gampil-gampil awrat. Kawastanan awrat manawi pikiran punika kadhisikan ketliweng amargi kagubel ing hawa kamurkan lan napsu angsa-angsa. Kosokwangslipun, kawastanan gampil manawi kita punika sampun saged menggalih klawan manah ingkang mardhika. Liripun boten sulap dhateng sorot gebyaring tata lair lan sasaged-sagedipun kedah sumingkir saking sadaya aling-aling ingkang ngalang-alangi jablasing pamawas ingkang wening.

Inggih jablasing pamikir ingkang menep punika ingkang aran budi sejati, inggih punika dhaya pamikir ingkang hambabaraken wohing wawasan ingkang mulus, resik lan wening kadya toya, kalis saking sadaya rereged lan blenthoning si 'aku'. Bab punika ing jagading pewayangan cundhuk kaliyan wewatakenipun Sang Arya Bratasena ingkang resik lan wening kagambaraken kadya **anting-anting apanunggul sotya maniking banyu**, inggih punika tentreming batos ingkang dumunung wonten ing sireping karep.

Kekajengan utawi karep punika kedah dipun sirep, tegesipun boten sisah tansah dipun turuti amargi kridhaning karep punika sayekti anglangut tanpa tepi, tebih saking pakeming urip sejati. Samangsa teksih dereng saged oncat saking anggenipun dados abdinipun kamelikan, punapa dene namung nuruti puwa-puwaning manahipun, tiyang punika gesangipun nglengkara manahipun badhe saged rumaos jenjem tentrem.

Manawi kekajengan dipun uja tamtu boten bakal wonten mendhanipun kapara malah sangsaya ndadra tanpa wangenan. Lir pindhanipun **kadya agni murub siniram lenga patra** tamtu badhe tansaya awrat panyirebipun. Kawontenan ingkang kados makaten punika hanjalari kathah tiyang ingkang lajeng nyingkur dhateng Pangeranipun, sadaya polah tingkahipun sarwasarwi nyimpang saking kautaman. Sanadyan ta dedeg piyadegipun katingal

gagah prakosa, nanging kabatosanipun sok kopong kadya kapangan bubuk [renget].

Tansah ngujeri iketaning kawaspadhan lan kaprayitnan batos ngadhepi kalamangsa ingkang kados punapa kemawon [kadosta mangsa bungah utawi manawi pinuju nandhang susah], punika dados sarat ingkang premana minangka sanguning tiyang anglampahi gesang ing satengahing bebrayan agung. Punapa malih manawi pinuju kesandhung lan kejeglong ing Kawontenan ingkang boten damel renaning penggalihipun, adhakanipun jin setan iblis bekasakan sami jejogedan ngiming-iming kanikmatan ingkang sarwa ngenyutaken, nanging sejatosipun kebak duraka. Inggih Kawontenan ingkang kados makaten punika ingkang lajeng dados sumber dunungipun tiyang ingkang gampil lirwa ing kaprayitnan lan wekasanipun dados batur ingkang tansah tutut marang pangojok-ojok nindhakake pakarti ingkang luwih dening nistha.

Tiyang punika manawi kepingin gesangipun saged tentrem lan rahayu, prayoginipun samya anggadhahi sesipatan lan pandamel patang prakara inggih punika:

Sepisan, netepi wajibing ngaurip lan sumereb ing wates-watesing hak wewenangipun.

Kaping kalih, tumemening ati nyebabaken keplasing wawasan dados jembar lan padhang ngegla.

Kaping tiga, enthengan nindhakaken amal, dedana dhateng sesami tumitah anebihi saking suprih pamrih pribadi. Dhasaripun sampun mengku keyakinan utawi piyandel manawi satingkah polahipun manungsa punika nadyan disingid-singidaken kados punapa kemawon tamtu kadenangan dening Gusti Kang Maha Ngawuningani.

Ingkang pungkasan, welas asih. Sesipatan punika manjing ing alusing bebuden linambaran raos tresna lan remen ngaling-alingi cacading sanes

amrih boten nandhang wirang lan rumeksa badhanipun piyambak sampaun ngantos kawirangan ugi. Hewadene hawa napsu ingkang sampaun kalajeng mubal punika boten waged dipun sirep kanthi kekerasan, rodha peksa, utawi dipun ampet punapa dene kanthi dipun legani. Bilih dipun ampet, temahan badhe mbledhos [muntab]. Bilih dipun prusa, temahan mingser gantos warni, manahipun tetep peteng, tambah reribed enggal ingkang tanpa wusana. Bilih dipun legani, temahan ndadi, ngambra-ambra. Nah rak boten gampil ta? Jalaran ingkang nglegani, ingkang ngampet lan ingkang ngrudha peksa punika inggih bangsanipun hawa napsu piyambak.

Tuk, winih lan oyoting hawa napsu punika pun sayektosipun inggih 'aku' kita piyambak, inggih punika pun 'rasa pangrasa bisa apa-apa' lan kuwasa apa-apa' kita punika, ingkang thukul, semi lajeng ngrembaka jalaran pangantha-antha kita piyambak. Wagedipun sirep saestu, bilih 'latuning rasa bisa apa-apa, kuwasa apa-apa' ingkang dumunung wonten telenging manah kita punika, kita sirep kanthi raos andhap asor ingkang sakalangkung ngambang, mawi raos saking raos ingkang dumunung wonten ing telenging manah, adhedhasar boten ngemohi kanyataning lelampahan kita ingkang nedheng kita tampi.

Ngrembag perkawis andhap asor, adatipun manungsa kepingin angsal papan ingkang langkung inggil tinimbang tiyang sanesipun. Manahipun mongkog manawi angsal pangalembana saking tiyang sanes. Inggih watak ingkang kados makaten punika ingkang anjalari boten gampil anggenipun nglampahi gesang kanthi andhap asor. Watak makaten wau sejatosipun saged andadosaken manungsanipun gampil semplah kados blarak garing manawi kanyatanipun beda kaliyan kekajenganipun, laraping pasemonipun lajeng peteng lir pendah mendhung ngendhanu nguras sakehing pangimpen kang muspra.

Boten kirang-kirang kadadosan ing ngalam donya punika ingkang rujak sentul, satunggal ngaler satunggal ngidul, trajang tinajrangan sander sinander. Kala-kala ngangge dhupak-dhinupakan lan sineling goco-ginoco,

bithi-binithi, jotos-jinotos, dugang-dinugang, tendhang-tinendhang, srampang-sinrampang lan jejak-jejakan. Gesang punika pancen kebak pesaingan, tiyang sami mbudidhaya sageda ngawonaken tiyang sanesipun, mila boten aneh manawi jagad punika boten nate tentrem. Sadaya kedah katampi kanthi manah ingkang sabar lan jembar. Wong ngalah iuhur wekasane. Kanjeng Nabi Muhammad nate dhawuh "Wong ngalah iku kelangan, nanging ngrasakake sarining rasa kang mulya. Wong ngalap menang iku antuk [oleh], nanging mung ngrasakake rasa kang mung sepele lan panas."

Kawuningana bilih jihad ingkang paling utama punika merangi hawa napsunipun piyambak. Punika boten namung cundhuk kaliyan Hadist Riwayat Bukhari lan Muslim kados kacuplik ing ngajeng wau, nanging ugi saged dipun gathukaken kaliyan pangandikanipun Sang Resi Wiyasa saking pedhalangan Cintakapura. Kinten-kinten makaten ringkesanipun:

"Aja kaget para wayahku Pandhawa, kowe kabeh padha sumurupa. Aku nampa pralambang saka dewa, antarane Pandhawa lan Kurawa wus kaweca bakal manjing dadi satru bebuyutan. Ing mbesuk kowe bakal nemoni paprangan gedhi disekseni jagad gumelar sinebut Baratayuda Jaya Binangun."

"Sapa kang bakal menang, Mbah Wiyasa? Pandhawa apa Kurawa?" pitakenipun Harya Bimasena.

Resi Wiyasa njawab ririiih biyanget:

"Mangertiya ya ngger wecaning jawata, kang bakal unggul yaiku para satriya kang awatak sabar, santosa, lila, lan legawa. Mula wayahku, kowe kabeh bisa nyirep hardhaning kanepson, dimen bisa uwal saka sambekalaning lelakon."

Teksih kalajengaken anggenipun Resi Wiyasa paring wejangan, ing ngandhap punika ingkang prelu dipun wigatosaken, makaten:

"Elinga ya ngger, tedhasing panggayuh mono kudu linambaran weninge karsa alelandhesan kadhewasaning kapribaden. Kowe iku satriya tedhaking narendra mara tapa lan turasing handhana warih. Ngrumangsanana lamun

sira iku titahe Hyang Widhi Wasesa Tunggal. Kowe wajib sumungkem lan wedi, asih marang Sesembahanmu. Suwunen sih lan kamurahane kanthi nalongs."

"Poma den eling ngger, kasembadaning panggayuh mono ora mung cukup disaranani nangis lan donga wae. Hananging kudu kok udi kanthi anggelar nalar lan tumandhanging karya. Lamun kowe wis pana ing budhaya, dhuh ngger, ora-orane yen kowe kasoran, dak pepuji amrih kowe kang bakal unggul ing palagan Baratayuda Jaya Binangun."

Dados boten cekap namung luhur ing budi, nanging ugi kedah luhur ing pakarti. Boten cekap namung becik ing lambe, nanging ugi becik ing gawe. Boten namung kandhev ing wejangan, nanging ugi dipun kantheni tumandang. Boten namung wasis paring amanah, nanging ugi kebak tulusing pratingkah. Boten namung micara nanging ugi makarya. Cekakipun luhur njawi lan lebetipun, boten namung kandhev ing gagasan, nanging nuladhani ing sakabehing laladan.

Gumolonging patrap kados ngendikanipun Resi Wiyasa wau saged nuwuhaken sikep madhep manteb lan jejeg netebi dhawuhing Gusti Kang Akarya Jagad sarta anebihi sadaya pepacuhipun, tansah eling lan saged nglarasaken tumindhak kaliyan kedale pangucap, angleluri watak sabar marang sakabehing pacoban ingkang tumiba, boten kepranan dhateng sakabehing gugon tuhon utawi anut grubyug, resik ing panyana, sepi ing pangira ala sarta lumuh ngupadi alaning liyan, lega lan narima dhumawahing pandum kanthi boten nglirwakaken sengkuting pambudi dhaya. Inggih sikep makaten wau ingkang saged mbikak olah kridhaning raos eling saged njegur tumut lelumban ing tatanan pasrah tanpa sumendhe dhateng resiking nalar lan pamikir. Saben tiyang sageda nindhakaken patrap kange ngawekani laku supados jumbuh kaliyan gegayuhan sarta nuwuhaken katentreman lan karahayon, ingkang banget saged hambiyantu nuwuhaken larasipun bebrayan agung.

Hewadene ingkang dados bibit lan sumbering grenjet murungaken sedya punika adatipun tuwuh saking remen ngendhe-endhe laku. Ngendhe-endhe

nandhangi sabarang gawe njalari kencenging tekad tansaya dangu dados kendho, temahan nukulaken watak sungkanan, boten antepan lan kesed. Kesed marake turu kepati. Jeneng tanpa guna anggenipun sampun pinaringan nyawa boten nglenggahi wajibing ngaurip. Urip punika tegesipun rak tumandhang. Nuwun.